Èske m dwe vwe lavi m bay Bondye epi pou m batize? (3yèm pati)

Li baze sou chapit 18 liv *Ki sa Labib kapab anseye nou?* an ki disponib sou jw.org.

OBJEKTIF: Chèche konn plis sou sa w kwè yo ak rezon ki fè w kwè nan yo, egzamine sa Labib anseye epi chèche jwenn fason pou w esplike lòt moun sa w kwè yo.

KI SANS BATÈM KRETYEN YO GENYEN?

1 CHÈCHE KONN PLIS SOU SA W KWÈ YO

Ki sa lòt moun ka gendwa di?

Ki sa *ou menm* ou kwè?

Poukisa w kwè sa?

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 EGZAMINE SA LABIB ANSEYE

Apre yon kretyen fin vwe lavi l bay Bondye, li dwe fè tout posib li pou l fè Bondye plezi.
(Gade chapit 18 liv *Anseye nou* an, paragraf 17-19.)

Li Eklezyas 5:4; Kolosyen 1:10.
Ki sa yo atann pou yon kretyen ki vwe lavi l fè?

Li Pwovèb 3:5, 6; Ezayi 41:10.
Sa k fè kretyen ki renmen Bondye toutbon yo kapab gen asirans yo ka rive viv ann amoni ak ve yo te fè a?

Lè yon moun batize, yo plonje l nèt anba dlo epi li leve. Sa montre kretyen sa a ki vwe lavi l bay Bondye a mouri anrapò ak fason l te konn viv anvan e li leve, oswa li vin vivan ankò, pou l fè volonte Bondye.

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Batèm nan se yon senbòl ki montre tout moun ou te vwe lavi w bay Bondye.

(Gade chapit 18 liv *Anseye nou* an, paragraf 20-25.)

Li Women 10:10.

Poukisa kretyen yo fè konnen aklè yo te vwe lavi yo bay Bondye?

Li Sòm 25:14.

Lefètke w vwe lavi w bay Bondye e w batize, ki sa sa ap pèmèt ou benefisye?

Dapre ou menm, poukisa Jewova merite pou nou adore l ak tout nou menm? Bay kèk rezon.

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ESPLIKE LÒT MOUN SA W KWÈ YO

SI YON MOUN DI…

Batèm fè moun gen twòp responsablite.

OU GENDWA REPONN…

Se vre batèm fè moun gen responsablite. Men, mwen pare pou m pran responsablite sa a paske...

_____

_____

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ka sèvi ak vèsè sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

_____

SI YON MOUN DI W…

Ou pa bezwen batize pou w sove.

OU GENDWA REPONN…

Se vre batèm pa garanti yon moun ap sove. Men, mwen kwè batèm enpòtan paske...

_____

_____

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ka sèvi ak vèsè sa a toutpandan w ap reflechi ak pwennvi moun nan?

_____

www.jw.org © 2017 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania